нов, направленных на стимулирование предпринимательской активности, защиту прав собственности и регулирование рынка, играют ключевую роль в формировании открытой, динамичной и конкурентоспособной экономики, способной эффективно адаптироваться к изменяющимся условиям и вызовам мирового рынка.

**Литература**

1. Постановление Кабинета Министров Республики Узбекистан «О государственной программе поддержки развития малого бизнеса и частного предпринимательства», от 28.08.1995 г. № 344.
2. Закон Республики Узбекистан «О защите частной собственности и гарантиях прав собственников», от 24.09.2012 г. № ЗРУ-336.
3. Указ Президента Республики Узбекистан «О мерах по кардинальному улучшению инвестиционного климата в Республике Узбекистан», от 01.08.2018 г. № УП-5495.
4. Постановление Президента Республики Узбекистан «О мерах по комплексному социально-экономическому развитию Республики Каракалпакстан в 2020-2023 годах», от 11.11.2020 г. № ПП-4889.

**РЕЗЮМЕ**. Мақолада Ўзбекистон мустақилликка эришгандан сўнг Қорақалпоғистон Республикасида қонунчиликнинг ривожланиши кўриб чиқилади. Мақолада марказлашган иқтисодий моделдан бозорга ўтиш шароитида қонунчилик базасининг тадбиркорлик фаолиятини рағбатлантириш, мулкий ҳуқуқларни ҳимоя қилиш ва бозорни тартибга солишдаги ўрни алоҳида таъкидланган.

**РЕЗЮМЕ**. Статья рассматривает эволюцию законодательства в Республике Каракалпакстан с момента независимости Узбекистана. В контексте перехода от централизованной экономической модели к рыночной, статья освещает роль законодательной базы в стимулировании предпринимательской активности, защите прав собственности и регулировании рынка.

**SUMMARY**. The article examines the evolution of legislation in the Republic of Karakalpakstan since Uzbekistan's independence. In the context of the transition from a centralized economic model to a market model, the article highlights the role of the legislative framework in stimulating entrepreneurial activity, protecting property rights and regulating the market.

## ИСТИ СУДҚА ШЕКЕМ АЛЫП БАРЫЎДА ШАХСТЫҢ ҲУҚЫҚ ҲӘМ ЕРКИНЛИКЛЕРИН ТӘМИЙИНЛЕЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Б.А.Саидов –** *юридика илимлериниң докторы, профессор*
*ИИВ Академиясы*

**Таянч сўзлар:** конституция, концепция, қонун, халқаро ҳуқуқ, хорижий тажриба, адвокат, ҳимоячи, инсон ҳуқуқлари, эркинликлари, одил судлов, кафолат, ҳимоя, жиноят жараён, жавобгарлик, жазо, суд, тергов, ислоҳот, адолат, инсон, инсонпарварлик, гумон қилинувчи, айбланувчи, жабрланувчи, суриштирувчи, терговчи, прокурор.

**Ключевые слова:** конституция, концепция, закон, международное право, зарубежный опыт, адвокат, защитник, права человека, свобода, правосудие, гарантия, защита, уголовный процесс, ответственность, наказание, суд, следствие, справедливость, человек, гуманность, подозреваемый, обвиняемый, потерпевший, дознаватель, следователь, прокурор.

**Key words:** constitution, concept, law, international law, foreign experience, lawyer, defender, human rights, freedoms, justice, guarantee, protection, criminal procedure, responsibility, punishment, court, investigation, reform, justice, human, humanitarian, suspect, accused, victim, interrogator, investigator, prosecutor.

Исти судқа шекем алып барыўда дәлиллерди топлаў ҳәм беккемлеўде алдыңғы усылларды қолланыў, заманагөй криминалистлик техника қуралларынан, хабар коммуникация технологияларынан ҳәм суд экспертизалары имканиятынан нәтийжели пайдаланыў илажларын көриў суд-тергеў әмелиятында әҳмийетли ўазыйпаға айланып бармақта.

Гәп сорастырыў ҳәм тергеў органлары искерлигин жетилистириў ҳаққында болғанында, бул бойынша раўажланған шет ел мәмлекетлеринде кең қолланылып атырған «медиация» институтының исти судқа шекем алып жүргизиў басқышына енгизиў мәселеси де белгили әҳмийет ийелейтуғынлығын атап өтиў керек.

Бир қатар Европа мәмлекетлеринде медиация тәртиби нызам дәрежесинде тәртипке салынып, зәрүр ҳуқықый ҳәм процессуал кепилликлер системасы белгиленген [3].

Раўажланған мәмлекетлерде усы институттан кең пайдаланылады. Мысалы, АҚШта усы процедурадан өткен ислердиң 95 пайызы суд додалаўына шекем жетип бармаған. Германияда медиацияның көрсеткишлери үлкен тәсир қалдырады – 90 пайыздан көбиреги сөйлесиўлер тәреплердиң келисиў питими менен жуўмақланған. Төменги Саксонияда нәтийжелилик 97 пайызды қурайды. Уллы Британияда 90-95 пайыз қарама-қарсылықлы ҳалатлар суд додалаўына шекем шешиледи. Европада медиацияның нәтийжелилиги орташа 40-80 процентти қурайды [4:51-53].

Исти судқа шекем жүргизиў басқышына медиация институтының енгизилиўи, онда қатнасып атырған шахслардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге хызмет қылады. Мысалы, жынаят ҳаққындағы арзаны тергеў судьясы, жәбирлениўши, қорғаўшы, гүман қылыўшының қатнасыўында 24 саат ишинде көрип шығып, оларды келисимге келтириўге ҳәрекет қылады. Егер қылмыстың социаллық қәўиплилиги жоқары болса, яки процесс қатнасыўшыларын өз ара келисимге келтириўдиң илажы болмаса, ис материаллары сорастырыў органына усынылады.

Роман-герман ҳуқықый шаңарағына тийисли мәмлекетлерде (Германия, Франция, Испания ҳәм тағы басқ.) пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклейтуғын илажларды қолланыўға разылық жынаят ислерин шешиў менен айланыспайтуғын арнаўлы органлар (тергеў судьялары, магистрат ҳәм т.б.) тәрепинен бериледи; англо-америка ҳуқықый шаңарағына тийисли мәмлекетлерде (АҚШ, Уллы Британия, Канада ҳәм т.б.) бул процессуал ҳәрекетлерин орынлаў: 1) ант ишкенлерден қуралған үлкен қурам; 2) суд системасы қурамына киретуғын ҳам усындай ҳәрекетлерге санкция бериў менен шуғыллanатуғын магистрат; 3) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар, солардан мисдиминорларды шешетуғын судьялар; 4) АҚШтың айырым штатларында пуқаралық ислери бойынша судьялар ўәкиллигине киргизилген [7:315-316].

Айырым мәмлекетлердиң жынаят-процессуал нызамшылығында әпиўайыластырылған тәртипте ис жүргизиў қағыйдалары орын алған, мысалы, Эстония Республикасы ЖПКниң 364-390-статьяларына көре, аз әҳмийетли жынаят ислери жедел тәртипте тергеў етилип, тезлик пенен судқа жибериледи [7:175-189].

Францияда жынаят исин жүргизиўдиң ең әпиўайы усылы бар болып, аз әҳмийетли жынайый қылмысты белгилеп көрсеткен полиция агентине тиккелей жәрийма төленеди.

Германия жынаят процесиниң характерли тәреплеринен бири улыўмалық ислерден 70 пайызының әпиўайыластырылған тәртипте көрип шығылыўы болып есапланады. Бул мәмлекетте әпиўайыластырылған тәртипте ис жүргизиў «Жазалаў ҳаққындағы буйрық» деп аталып, участка судьялары тәрепинен азатлықтан маҳрум етиў мүддети үш айдан артық болмаған жынаятларды ислеген шахсларға қолланылады. Сорастырыў берген мағлыўматларға тийкарланып, прокурор яки полиция участка судьясына жазалаў ҳаққындағы буйрықтың жойбары менен мүрәжат етеди. Участка судьясы гүман тастыйықланбағанлығы себепли усы илтимасты бийкар етиўди яки суд додалаўын тайынлаўы ямаса дәрҳал жазалаў ҳаққында буйрық шығарыўы мүмкин. Егер буйрық шығарылған күннен баслап жети күн ишинде айыпланыўшы өз қарсы пикирлерин билдирмесе, ол нызамлы күшке кирип, ҳүким әҳмийетке ийе болады. Болмаса улыўма тәртипте суд додалаўына тайынланады [8:87].

Профессор Д.М.Миразов та жынаят ислерин жүргизиўди әпиўайыластырыў жынаятларына қатнаслы жаңа сиясаттың тийкарғы ўазыйпаларынан бири екенлиги атап өткен [5:57]. Ҳуқықтаныўшы илимпаз Б.Б.Муродов болса дәслепки тергеў процесин әпиўайыластырыў кереклигин белгилеп көрсетеди [6:12-17]. Басқа илимпазлар да жынаят процессуал нызамшылықта келтирилген әпиўайыластырылған ис жүргизиў тәртиплериниң киргизилиўи жынаят ислери бойынша ис жүргизиўди либералластырыў ҳәм демократияластырыў бағдарында басқышпа-басқыш әмелге асырылып атырған реформалардың логикалық даўамы сыпатында әдил судлаўдың тезлигин тәмийинлеўге ҳәм айыпланыўшылардың да, жәбирлениўшилердиң де ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаўға хызмет қылыўын атап өткен [1:19].

Әпиўайыластырылған ис жүргизиўдиң және бир унамлы тәрепи оның әпиўайылығы, яки басқышын қысқарттырыў арқалы жынаят судлаў ислери жеңиллеседи. Бул болса, процесстиң демократласыўына алып келеди [2:102].

Жоқарыда атап көрсетилген илимпазлардың бул бағдардағы пикирлерин қоллап-қуўатлап, исти судқа шекем жүргизиў басқышына санлы технологияларды енгизиў есабынан, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў процесин әпиўайыластырыўды мақсетке муўапық, деп есаплаймыз.

Әпиўайыластырылған система бүгинги күнде админстративлик ҳуқықбузарлықлар бойынша ис жүргизиў процесинде қолайлы болмақта. Мысалы, видеобақлаў ҳәм электрон белгилеў қураллары жәрдеминде ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў, жүз бергенлерин өз ўақтында анықлаў, жәрийма белгилеў, ҳәтте бул ҳаққында ҳуқуқбузарлық ислеген шахсқа хабар бериўге шекем болған процесс толық санластырылды.

Бизиң пикиримизше, усы алдыңғы тәжирийбени жынаят ислерин жүргизиў басқышына да енгизиў керек. Мәселен, ЖК 277-статьясында көрсетилген тәртипсизлик жынаяты, видеобақлаў қурылмасында көрсетилген болса, профилактика инспекторы усы жағдайды сорастырыў тәризинде, яғный баянлама менен рәсмийлестирип (электрон көрсетилген дискти қосымша қылған жағдайда) судқа жибереди. Суд болса ҳуқуқбузардың қылмысына жараса жаза белгилейди.

Усы орында тәбийий сораў туўылады. Шахстың аўыр ислеген қылмысы анық көринип турған бул сыяқлы әпиўайы ислерди үш айлап тергеў қылыў шәрт пе? Бул болса, өз нәўбетинде, сорастырыўшы ҳәм тергеўшини артықша ис жүклемесинен азат етеди; қағазпазлық кемейеди; ис материаллары бир органнан екиншисине қайта-қайта жиберилиўине шек қойылады; ўақыт ҳәм қәрежет тежеледи; ис бойынша көп мәртебе шақырылатуғын шахслар саны қысқарады, процесс қатнасыўшыларының сергизданлығына шек қойылады; инсан факторының минимал дәрежедеги қатнасы коррупцияның алдын алады; үш ай тергеў процесинде ғәрезлилик мақсетинде дәслепки көрсетпелер өзгертилип, ҳақыйқый ҳалатын жасырып (монтаж қылып) квалификацияға тәсир етиўге урыныўларға шек қойылады, жуўапкерликке тартылыўдың анық екенлиги тәмийинленеди; жынаят иси әпиўайыластырылған тәртипте, тез, сыпатлы, ашық-айдын ҳәм әдалатлы шешиледи ҳәм т.б.

Сонлықтан, *жынаят-процессуал нызамшылық жынаят исин жүргизиўди тезлестириў, әпиўайыластырыў ҳәм артықша қәрежетлерди кемейттириў бағдарларында және де жетилистирилиўи лазым.*

Бизге белгили болғанындай, бүгинги күнде исти судқа шекем жүргизиўши субъектлердиң есабатларын олардың жоқары туратуғын органларында ярым жыллық ҳәм жыллық көринисинде додалап барыў әмелияты бар. Бирақ, бундай есабат жыйналыслары, әдетте, жабық ҳалда өткерилгенлиги себепли, барқулла күтилген нәтийжени берип атырған жоқ.

Пикиримизше, жынаят исин жүргизиўге жуўапкер болған лаўазымлы шахслар, жоқары туратуғын органлар менен бирге, халық депутатлары район (қала) кеңеслери, кең жәмийетшилик алдында, ғалаба хабар қуралларының катнасыўында хызмет сыры болып есапланбаған мағлыўматлар бойынша есабат бериў системасын енгизиўи лазым.

Буннан тысқары, сорастырыўшы ҳәм тергеўшиниң хызмет искерлигине баҳа бериўде усы аймақта искерлик жүргизип атырған судьялардың пикири де инабатқа алыныўы мақсетке муўапық.

Белгили болғанындай, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде тергеў органлары хызметкерлериниң ис жүклемеси де белгили әҳмийетке ийе. Ишки ислер министрлиги жанындағы Тергеў департаменти ҳәм оның төменги системаларына жүклетилген ўазыйпалар сыпатлы орынланыўы ушын, тергеўшилер санының ис көлеми менен тең салмақлылықта болыўын талап етеди.

Ишки ислер органлары сорастырыўшылары ҳәм тергеўшилери ортасында өткерилген сораўнамада қатнасқан жәми 510 респондентлердиң 72 пайызы, ис көлеминиң жоқарылығы исти судқа шекем жүргизиўде шахслардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге унамсыз тәсир етип атырғанын мәлим қылған.

Пикиримизше, ишки ислер органлары системасында хызмет алып барып атырған тергеў органларының ис көлеми ҳәдден тысқары көп екенлиги, бул болса өз нәўбетинде, шахслардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлениўге унамсыз тәсир етип атырғанлығы себепли, олардың штат бирлигин жүргизилип атырған жынаят ислериниң саны ҳәм қурамалылық дәрежесинен келип шыққан ҳалда ҳәр 4-5 жылда қайтадан көрип шығыў, сондай-ақ жынаят исиниң тергеўге тийислилиги, институтты және де жетилистириў мақсетке муўапық.

Жоқарыдағылардан басқа, дәслепки тергеўде суд ўәкилликлериниң кеңейттирилиўи, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери нәтийжели қорғалыўын тәмийинлеўге хызмет қылады. Бул болса, Өзбекстан Республикасының өз мойнына алған халықаралық мәжбүрияттар ҳәм олардың орынланыўына да сәйкес келеди. Атап айтқанда, 1966-жылы қабыл етилген «Пуқаралық ҳәм сиясый ҳуқықлар ҳаққында»ғы халықаралық пакттиң 9-статья 3-бөлимине тийкарланып, «жынайый айыплаў менен қамалған яки усланған ҳәр бир шахс судья яки нызам бойынша суд ҳүкимранлығын әмелге асырыў ҳуқықы болған басқа да лаўазымлы шахс жанына алып келинеди ҳәм айыпланып атырған шахс белгили мүддет ишинде иси судта көрилиўи яки азат етип жиберилиў ҳуқықына ийе» [10:40].

Қорғалыўда суд формасы бар екенлигиниң өзи-ақ тергеўдиң жүргизилиўинде қатнасатуғын лаўазымлы шахслардың искерлигине тәсир ете алады, олардан мәжбүрлеў илажларын қолланыўда және де сергек болыўды талап етеди [11:121].

Сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў мәкемелеринде ҳуқықый тәртипти ҳәм нызамлылықты беккемлеўге қаратылған илажлардың әмелге асырылыўы, тергеўге шекемги тексериў ҳәм жынаятларды тергеў қылыў ўазыйпалары исенип тапсырылған хызметкерлердиң кәсиплик шеберлиги қаншелли жоқары екенлигине тиккелей байланыслы. Сол ушын, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў нәтийжелилигине ерисиў, сорастырыў ҳәм тергеў органларын қәниге кадрлар менен тәмийинлеў мәселесине байланыслы болып, бүгинги күнде әдил судлаў алдында турған актуал мәселелерден бири. Сонлықтан, усы машқаланы шешиў ушын төмендеги усыныслар усынылмақта:

1) сорастырыўшы ҳәм тергеўши лаўазымларына талабанларды таңлаў ҳәм қабыл етиўге айрықша итибар бериў. Бунда кадрларды бир неше талабанлар арасынан таңлаў (конкурс) тийкарында қабыл қылыў ҳәм бул процессте тосаттан яки таныс-билисшилик тийкарында сорастырыў ҳәм тергеў мәкемелерине кирип қалыўының алдын алыў. Соның менен бирге, талабанлардың мағлыўматы, мәнаўий жетиклиги, әдеп-икрамлық тәреплери, кәсиплик ҳәм жеке пазыйлетлери де пухталық пенен тексерилиўи;

2) жынаят исин жүргизиўге жуўапкер болған мәмлекетлик органларында «тергеўши-жәрдемши» лаўазымын

енгизиў ҳәм усы лаўазымға билимлендириў орнын жуўмақлағаннан соң усы органларға ең дәслепки рет хызметке қабыл етилген хызметкерлер бекитилиўи ҳәм усы лаўазымда кеминде бир жыл даўамында хызмет алып барыўы;

3) сорастырыў ҳәм тергеў органларында сорастырыўшы ҳәм тергеўши лаўазымына кадрлар резервин жаратыў, жас қәнигелерде тергеў ҳәрекетлерин өткериў көнликпелерин қәлиплестирип барыў тийис. Бул ушын тергеўши лаўазымына район (қала) көлеминдеги тергеў органларында кеминде бир жыл даўамында «тергеўши-жәрдемши» лаўазымына хызмет қылған хызметкерлер арасынан тайынлаў;

4) тергеўшилик кәсибинде белгили орын тутатуғын «устаз-шәкирт» дәстүрлерин дурыс жолға қойыў мақсетинде, «тергеўши-жәрдемши» лаўазымына тайынланған шахсларға усы лаўазымларда көп жыллар нәтийжели хызмет етип атырған тәжирийбели тергеўшилерден устаз бириктириў;

5) тергеўши район (қала) көлеминдеги тергеў органларында кеминде үш жыл хызмет қылғаннан кейин ғана жоқары туратуғын органлар (ўәлаят, соң республика)да хызметин даўам еттириўге руқсат бериў;

6) хызметке қабыл етилген хызметкерлерди орынлы-орнына дурыс бөлистириў. Онда хызметкердиң тек мағлыўматы бойынша емес, ал билими, уқыбы, қәбилети, дүньяқарасы, жасы, тәжирийбеси сыяқлы қәсийетлерине итибар бериў;

7) сорастырыўшы ҳәм тергеўшилердиң хызмет ўазыйпалары ҳәм ис көлеми бөлистирилиўин дурыс белгилеў. Онда ең дәслеп, хызметкердиң тәжирийбеси, қәнигелиги, исшеңлик қәбилети ҳәм денсаўлығы инабатқа алыныўы зәрүр;

8) жумысты судқа шекем жүргизиўге тийисли жаңа норматив ҳуқықый ҳүжжет қабыл етилген яки ҳәрекеттегисине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилгенинде, жынаят исин жүргизиўге жуўапкер болған лаўазымлы шахслар менен оқыў шынығыўларын шөлкемлестирип, онда әмелге асырылып атырған реформалардың кең мәниси, сондай-ақ оны әмелге асырыў механизмлери түсиндирилип барылыўы зәрүр. Бунда тийкарғы итибар жынаят ҳәм жынаят-процессуал нызамшылыққа шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қатнаслы киргизилген өзгерислерди әмелиятқа енгизиў процесинде жүзеге келип атырған машқалаларды шешиўге қаратылыўы керек;

9) жынаят исин жүргизиўге жуўапкер болған лаўазымлы шахслардың руўхый таярлығын асырыў мәселесине де бүгинги күнде тәбийий зәрүрлик пайда болмақта. Сол себепли, штатлар саны көп болған сорастырыў ҳәм тергеў мәкемелеринде штат бирлигине психолог лаўазымын киргизиў, сондай-ақ хызметкерлерди руўхый шынықтырыўға арналған ханаларды ажыратыў ҳәм үскенелеў керек;

10) исти судқа шекемги жүргизиўге жуўапкер болған хызметкерлерди хошаметлеў ҳәм интизамлық жазалаў мәселесинде әдалат өлшемине қатаң бойсыныў белгили әҳмийетке ийе. Бунда, әсиресе жоқары лаўазымларға тайынлаў, атақ бериў яки оған усыныў, сондай-ақ лаўазымынан азат етиў мәселелеринде хызметкердиң жумыс нәтийжелилиги, жәмәәтшиликтиң пикири ҳәм алдынғы унамлы ҳәм унамсыз ис –ҳәрекетлери есапқа алыныўы оғада зәрүр;

11) сорастырыў ҳәм тергеў мәкемелери системасында искерлик жүргизип атырған басшы кадрлардың жуўапкершилигин асырыў зәрүр. Себеби, реформалардың орынланыўы басшылар арқалы кадрлар тәрепинен әмелге асырылады. Сол ушын, тек реформалар процесинде белгиленген ўазыйпаларды орынлаў, бәлким жынаят исин жүргизиўге жуўапкер болған субъектлердиң тәғдири де көп тәрептен басшылардың жуўапкершилигине байланыслы екенлигине гүман жоқ.

Жоқарыда атап өтилген факторлар суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалардың белгили мақсетке ерисиўге, әдил судлаўдың еркинлиги ҳәм дәрежесин беккемлеўге, сондай-ақ исти судқа шекем жүргизиўде шахстың ҳуқық ҳәм еркинликарин исенимли қорғаўды тәмийинлеўге хызмет қылады.

Ҳәзирги ўақытта исти судқа шекем жүргизиўде шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери аяқ асты етилиўи сыяқлы нызамсыз жағдайларға қарсы гүресиўдиң төмендеги жолларын көрсетиў мүмкин:

*бириншиден*, шахстың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тосқынлық ететуғын факторларға қарсы ис-илажлар көриў; *екиншиден*, сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурорлар өз ўәкилликлеринен дурыс пайдаланыўы менен бирге мойнына жүклетилген мәжбүриятларды толық орынлаўға ерисиў; *ушиншиден*, жынаят исиниң жүргизилиўине жуўапкер лаўазымлы шахслардың өз хызмет ўазыйпаларына ҳәм процесс қатнасыўшыларының ҳуқық ҳәм еркинликлерине тийисли норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди билиў дәрежесин асырыў.

Жоқарыда атап өтилген усыныслар исти судқа шекем жүргизиўде шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге, жынаят процесинде «Қалыс тергеў, күшли қорғаў, әдалатлы суд» деген жаңа принциптиң жүзеге келиўине хызмет қылады.

## Әдебиятлар


1. Абдулхаков Я. Дастлабки тергов фаолиятини соддалаштириш истиқболлари. / Я.Абдулхаков, А.Алишеров // Ўзбекистон Республикаси Олий судининг ахборотномаси. 2016. № 1. 19-б.
2. Ленский А.В. Досудебное (предварительное) следствие. – Кемерово: «КемГУ», 1997. – С. 202.
3. Marianne L. Wade. Developing a Criminal Justice Area in the European Union (2014) // www.europarl.europa.eu.
4. Маҳмудов Ш. Келишув битими ёхуд медиация. / Ш.Маҳмудов, М.Болтаев // Одил судлов. 2019. № 7. 51–53-б.
5. Миразов Д. М. Ўзбекистон Республикаси жиноятларга оид янги сиёсатининг замирида процессуал фаннинг вазифалари // Ҳуқуқ – Право – Law. 2003. № 3. 57-б.
6. Муродов Б. Дастлабки тергов: унда жиноят ишини тугатиш билан боғлиқ айрим мулоҳазалар. // Ҳаёт ва қонун. 2005. № 5-6. 12–13-б.
7. Тулаганова Г. З. Жиноят процессида процессуал мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: Юрид. фан. д-ри ... дис. – Тошкент: 2009. 315-316-б.
8. Уголовно-процессуальный кодекс Республики Эстония. – Таллин: «ТППК», 2000. 175-189-б.
9. Филимонов Б. А. Основы уголовного процесса Германии. – Москва: МГУ, 2004. 87-б.
10. Инсон ҳуқуқлари бўйича халқаро шартномалар: Тўплам. – Тошкент: «Адолат», 2004. 40-б.
11. Жиноят процесси (умумий қисм): юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий тахрири остида. – Тошкент: ТДЮИ, 2008. 121-б.



**РЕЗЮМЕ.** Ишни судга қадар юритишда шахснинг ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш борасида мавжуд муаммоларни ўрганиш, таҳлил ва тадқиқ қилиш, инсоннинг шаъни ва қадр-қиммати поймол этилиши каби ҳаолатларга барҳам беришнинг илмий ечимларини топиш, айниқса шахсни қийноққа солиш, унга шафқатсиз, ғайриинсоний ёки қадр-қимматини камситувчи муомала ҳамда жазо турларини қўллаш амалиётига бутунлай чек қўйиш бўйича таклиф ва тавсиялар ишлаб чиқиш.

**РЕЗЮМЕ.** Разработка предложений и рекомендаций по изучению, анализу и исследованию имеющихся проблем обеспечения прав и свобод личности в досудебном производстве, научный поиск решения проблем связанных с унижением чести и достоинства человека, в частности, полное устранение практики и применения мер, связанных с унижением и пыток, бесчеловечных, жестоких и других унижающих честь и достоинство личности.

**SUMMARY.** The proposals and recommendations have been developed by virtue of the study, analysis and research of the existing problems of ensuring the rights and freedoms of the individual in the proceeding the case to court, to find scientific solutions to abdicate situations such as the violation of human dignity and honour, especially to terminate the practice of torture, cruel, inhuman or degrading treatment of a person, and the use of punishments.